

MAPEL :

**PENILAIAN TENGAH SEMESTER
SMP NEGERI 1 KRAMAT
SEMESTER 1 2022/2023**

Nama :

Kelas : ____ No : ____

Kerjakan seluruh soal dengan teliti dan sungguh-sungguh sesuai petunjuk tiap bentuk soal...!!!!

- I. Pitakon-pitakon iki wangsulana kanthi menehi tandha (X) ing aksara A, B, C, utawa D kang mujudake wangsulan paling bener!

Ki Benawi rumaos krasan lan remen gesang ing desa iki, nganti sawijining dina ngendika tembung “balamawa” tegese “iki papan kang dikarepake”. Saka tembung “balamawa” kuwe panggonan kuwi banjur diarani “Balamoa”.

1. Cerita ing dhuwur gegayuhan karo kedadean panggonan, diarani crita....
A. Fable B. Mitos C. Roman D. Legenda
2. Asal-usule aran Desa Balamoa saka tetembungan kang diucapke Ki Benawi, yaiku tembung....
A. Babak B. Benawi C. Balongan D. Balamawa
3. Ing wacan ana tembung tetembungan, kalebu tembung rangkep....
A. Dwi purwa B. Dwi wasana C. Dwi lingga wantah D. Dwi lingga salin swara
4. Wacan ing dhuwur migunakake unggah-ungguh basa....
A. Ngoko lugu B. Ngoko alus C. Krama lugu D. Krama alus

Piyantun kang maringi aran Desa Pecabean yaiku Kiai Djinten, minangka ulama kang nyebarke agama Islam ing dhaerah Kabupaten Tegal kanthi wilayah Kecamatan Pangkah, Tarub, Adiwerna, lan Talang. Dene daleme ing Desa Balamoa Kecamatan Pangkah, Kiai Djinten ngadegake pesantren kang ora mung ngajarke agaa nanging uga ngajari babagan tetanen.

5. Ing wacan tembung kang kalebu tembung rangkep dwi purna yaiku....
A. Ngadegake B. Nyebarake C. Babagan D. Tetanen
6. Crita dhuwur ana gegayutan karo kedadean desa....
A. Balamoa B. Pesarean C. Pecabean D. Penarukan
7. Kyai Djinten ngadegake pesantren kang ngajarake....
A. Agama lan silat C. Agama lan dagang
B. Agama lan manah D. Agama lan tetanen
8. Min, koen wis takon maring simbahmu bab crita legenda?
Tembung takon kang trep manut unggah-ungguh ngoko alus yaiku....
A. Takon B. Taken C. Nyuwun pirsia D. Mundhut pirsia

Deduga lawan prayoga,
myang watara ringa aywa lali,
iku parabot satuhu,
tan kena tininggala,
tangi lungguh angadeg tuwin lumaku,
angucap meneng anendra,
duga-duga nora kari.

9. Myang matara reringa aywa lali. Tembung aywa nang ukara iki tegese....
A. Ragu-ragu B. Kira-kira C. Kudu D. Aja
10. Pratelan kang nerangna, sajroning tumindak kudu dipikirna endah apik ana gatra kaping....
A. 1 B. 2 C. 3 D. 4

II. Pitakon nomor 11 nganti 15 wangsulana kanthi milih aksara:

- A. Jawaban (1), (2), (3) bener
B. Jawaban (1), (3) bener
C. Jawaban (2), (4) bener
D. Kabeh jawaban bener
11. Tembung-tembung iki kang kalebu tembung rangkep, yaiku:
(1) Asal-usule, mloka-mlakune, ngguya-ngguyune
(2) Wewengkon, tetanen, tetembungan
(3) Cekakakan, cekikikan, cengengesan
(4) Jinising, saperangan, padadan
Jawaban: A B C D
12. Ukara iki kang kalebu ngoko alus yaiku:
(1) Mimin : "Ayo nyuwun pirsu maring Bu Guru!"
(2) Fatur : "Aku pan maring umahe Bulik."
(3) Sholeh : "Mau daleme bu guru tutupan."
(4) Ibu : "Koe wis mangan apa durung, Pak?"
Jawaban: A B C D
13. Ukara kang nggunakake tembung garba, yaiku:
(1) Sawahe Simbah lagi panen pari
(2) Pangeran Benowo putra sakeng kerajaan Pajang
(3) Kyai Djinten ngajari babagan tetanen
(4) Ki Benawi ngulandara nganti tekeng dhusun-dhusun
Jawaban: A B C D
14. Ukara kang nggunakaketembung rangkep dwi lingga wantah, yaiku:
(1) Pecabeang, Bedug, Pegirikan, minangka dhaerah-dhaerah punjere asli tetanen
(2) Ki Benawi ngulandara nganti tekeng desa-desa cilik
(3) Ki Benawi kepanggih karo aki-aki lan nini-nini
(4) Kyai Djinten ngajare baabagan agamaa lan tetanen
Jawaban: A B C D
- Nalika jaman semana ing salah sijine kerajaan yaiku kerajaan Pajang jumeneng narpati kang asma Sultan Hadi Wijaya, kagungan putra asmane Putra Benowo. Awit cilik Pangeran Benowo wis pikantuk ajaran Islam saka Sunan Kudus lan Sunan Kalijaga. Mula kuwi panjenengane kagungan sifat luhur lan becik.
15. Pernyataan kang trepp karo wacan, yaiku:
(1) Sultan Hadi Wijaya putrane Pangeran Benowo
(2) Sunan Kudus lan Sunan Kalijaga guru ngajine Pangeran Benowo
(3) Pangeran Benowo nduweni watak sombong lan angkuh
(4) Narpati ing kerajaan Pajang yaiku Sultan Hadi Wijaya
Jawaban: A B C D

III. Ukara-ukara nomor 16 nganti 20 iki genepana nganggo tembung kang wis sumadya!

16. Pangeran Benowo putra..... ing kerajaan Pajang.

17. Pangeran Benowo.....kanthi asma Ki Benawi.

18. Ki Benawi ngulandara nganti..... dhusun-dhusun.

19. Ayo..... maring daleme Simbah!

20. Aku arep..... bab asal-usule Desa Pecabean.

a. Kalokeng

b. Tekeng

c. Narpati

d. Nyuwun pirsu

e. sowan

IV. Pitakon nomor 21 nganti 25 wangsulana kanthi cekak aos!

21. Puguh diampiri Amir pan padha mancing nang kali. Tembung tanggap nang ukara iki yaiku....

22. Puguh diampiri Amir pan padha mancing nang kali. Tembung tanduk nang ukara iki yaiku....

23. Kunci kae dhasar bocahe pelit senenge njaluk ora gelem weweh mula ora duwe kanca. Ukara iki cocog kari unine paribasan....

24. Kula badhe takon kaliah Andi, mangke bidhal jam pinten. Tembung takon sing bener dikramakake dadi....

25. Laras nembe nonton pentas Tari Topeng Endel wonten Bale Warga. Tembung nonton sing bener dikramakake dadi....